

BAB I BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Unggal Wilayah Nusantara boga rupa-rupa basa daerah. Salasahiji di antarana, basa Sunda anu aya di masarakat tatar Sunda. Anu kalungguhanana jadi basa indung. Ieu basa téh dipaké ku masarakat Sunda, boh nu aya di tatar Sunda, boh nu aya di luareun tatar Sunda.

Dina kahirupan masarakatna, basa Sunda boga pancén pikeun alat komunikasi. Ku dipakéna basa Sunda ku masarakat Sunda bisa nepikeun gagasan atawa kahayangna. Ieu téh luyu jeung pamanggih Sudaryat (1991:2) nu nétélakeun yén basa téh mibanda fungsi minangka alat komunikasi. Jadi, tétéla pisan basa téh ngagampangkeun campur gaul masarakatna.

Lian ti jadi médium komunikasi, basa Sunda téh jadi rekaman eusi budaya Sunda deuih. Ieu téh luyu jeung pamadegan Yudibrata (1990:14) anu nétélakeun:

“Basa Sunda iwal ti jadi media komunikasi, jadi ogé rekaman atawa dokumentasi kandungan eusi budaya Sunda anu panglengkepna. Kumaha karaktér umumna masarakat Sunda bakal kaeunteung dina basana. Ku lantaran kitu, basa Sunda dipake ku individu panyatur éta basa, mangrupa salasahiji sampel/model/conto pribadi nu makena”.

Tina katerangan di luhur écés pisan yén urang bakal wanoh kana hiji masarakat ku basa nu dipakéna. Lamun masarakat hiji basa bener-bener ngagunakeun basa luyu jeung kaédah atawa aturanana, bisa disebutkeun éta masarakat téh geus mintonkeun kautamaan budi.

Basa téh mangrupa pakakas komunikasi anu dipaké ku manusa pikeun népikeun maksud atawa tujuan ka jalma lian, boh sacara lisan boh sacara tulisan. Salasahiji hakekat basa téh komunikatif. Disebut komunikatif lantaran basa hiji-hijina pakakas utama pikeun komunikasi manusa. Hakekat basa téh komunikatif nétélakeun yén basa mibanda fungsi utama pikeun alat komunikasi manusa (Sudaryat, 1991:4).

Basa Sunda kaasup salasahiji basa daerah di Indonesia. Sakumaha anu dijentrekeun dina penjelasan UUD 1945, BAB XV, pasal 36, yén wewengkon anu mibanda basa sorangan tur masih dipiara keneh ku rahayatna, saperti: Jawa, Sunda, Makasar, jsb, diajénan sarta dipiara ogé ku nagara lantaran éta basa-basa téh bagian tina kabudayaan Indonesia.

Masyarakat Sunda kiwari hirup kumbuh di lingkungan nu hétérogén. Masyarakat Sunda ngayakeun rupa-rupa hubungan jeung masyarakat ti sélér séjén saperti Jawa, Padang, Batak, Manado, jrrd. Éta hal téh nétélakeun yén manusa teu bisa hirup sorangan, sabab manusa kaasup mahluk sosial nu merlukeun hubungan sosial, budaya jeung manusa séjén, tegesna jalma jeung jalma séjénna ngayakeun komunikasi pikeun ngébréhkeun eusi pamikiran jeung nepikeun pamaksudannana.

Komunikasi téh tangtuna maké basa. Salasahiji basa anu di paké ku masyarakat Sunda nya éta basa Sunda. Basa téh cicirén bangsa. Éta ungkara téh kacida keunana, sabab hiji basa nangtukeun hirup-huripna jeung ajeg atawa runtuhna hiji bangsa.

Minangka basa daerah, basa Sunda téh boga fungsi jadi: (1) lambang kareueus daerah; (2) lambang identitas (ciri) daerah; (3) pakakas gaul (komunikasi) di lingkungan kulawarga jeung masarakat nu aya di daerah (Pasundan); (4) Pangrojong budaya daerah jeung basa Indonesia sarta (5) pangrojong sastra daerah jeung sastra Indonesia. Patali jeung fungsi basa Indonesia, basa Sunda ogé mibanda fungsi (1) pangrojong basa Indonesia; (2) basa panganteur di tingkat sakola dasar nu tangtu pikeun ngarojong pangajaran basa Indonesia atawa pangajaran nu sejenna; jeung (3) sumber kabasaan pikeun ngabeungharan basa Indonesia (Depdiknas, 1999:6-7).

Salasahiji tarékah pikeun ngamumulé basa Sunda nya éta ngaliwatan atikan formal atawa pangajaran di sakola-sakola. Pangajaran basa Sunda di sakola-sakola ti mimiti Taman Kanak Kanak (TK) nepi ka Sekolah Menengah Atas (SMA) di Jawa Barat, ngabogaan tujuan sangkan siswa leuwih wanoh, weruh, tur parigel ngagunakeunana. Leuwih jembarna, sakumaha anu ditetelakeun dina Standar Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda (KTSP) yén sacara umum tujuan pangajaran basa jeung sastra Sunda téh nya éta sangkan murid bisa ngahontal tujuan-tujuan di handap ieu.

- 1) Murid ngahargaan jeung mikareueus basa Sunda salaku basa daérah jeung basa resmi kadua di Jawa Barat (sanggeus basa Indonesia).
- 2) Murid maham basa Sunda tina segi wangun, ma'na jeung fungsi, sarta bisa ngagunakeun sacara tepat jeung kréatif luyu jeung kontéks, antara lain, tujuan, kaperluan, jeung kaayaan.

- 3) Murid ngagunakeun basa Sunda pikeun ningkatkeun kaparigelan inteléktual, 'kematangan émosional', jeung 'kematangan sosial'.
- 4) Murid ngabogaan disiplin dina ngagunakeun basa (nyarita jeung nulis sarta mikir).
- 5) Murid bisa 'menikmati' jeung ngamangpaatkeun karya sastra Sunda pikeun mekarkeun kapribadian, ngalegaan wawasan hirup, sarta ningkatkeun pangaweruh jeung kaparigelan basa Sunda.

Proses komunikasi basa (Sunda) enas-enasna mah nepikeun amanat ngaliwatan basa ti pangirim ka panampa. Éta amanat téh baris nepi upama pangirim maké basa nu bener tur merenah.

Nurutkeun Sudaryat (1991:121) nyoko kana pamadegan Dell Hymes, basa Sunda anu bener tur merenah raket patalina jeung laku basa. Ari basa téh boga komponen anu bisa disingket jadi UNGKARA anu fonem awalna nyoko kana:

U (undak usuk atawa tatakrama basa)

N (nu make basa jeung nu dicaritakeun)

G (galur omongan)

K (kasang tukang tempat, waktu jeung suasana)

A (alat nu digunakeun)

R (rasa, nada, jeung ragam basa)

A (amanat jeung tujuan ahir omongan)

Jadi, numutkeun Sudaryat, dina nangtukeun basa anu bener tur merenah téh salasahijina kudu ngawasa undak usuk atawa tatakrama basa. Ku kituna,

undak usuk basa téh perlu diajarkeun. Luyu jeung pangajaran basa nu diébrehkeun ku Yudibrata (1990:35) nu nétélakeun yén “tujuan pangajaran basa anu kudu kahontal téh nya éta sangkan siswa mahér, jeung bisa ngagunakeun basa (Sunda), kayaning nyarita, nulis, maca, jeung ngaregepkeun”.

Dina enggoning makéna basa, sawadina mah para panyatur téh teu méngpar tina kaédah-kaédah jeung aturan-aturan basa. Kaédah atawa aturan nu datang ti basana kayaning fonologi, morfologi, sintaksis, jeung semantik. Ari nu datangna ti luar basa nya éta ayana faktor sosial jeung kaayaan di mana éta basa dipakéna. Jadi, tétéla pisan faktor luar basa téh mangaruhan kana makéna hiji basa.

Ayana faktor luar basa nimbulkeun variasi basa. Wangun basa téh bisa mangrupa idiolék, ragam basa, register, jeung undak usuk (Suwito, 1983:23). Ieu variasi basa téh jaba ti lumangsung di lingkungan nu jembar, lumangsung di lingkungan masarakat nu heureut ambahanana deuih.

Unggal basa, kaasup basa Sunda, geus tangtu bakal boga ragam basa. Salasahiji ragam basa Sunda téh nya éta tatakrama basa. Tarékah urang sangkan basa Sunda, hususna tatakrama basa, hirup-huripna teu aya halangan perlu pangmumulé jeung pangropéa. Salah sahijina nya éta ku pangajaran di sakola. Tatakrama basa Sunda diasupkeun kana program pangajaran. Ngaliwatan éta program siswa bisa narima pangajaran basa Sunda sagemblengna, kaasup tatakrama basana.

Pangajaran basa Sunda téh boga tujuan nu kudu kahontal ku siswa. Éta tujuan téh nya éta sanggeus meunang pangajaran basa Sunda parasiswa mahér ngagunakeun basa kayaning nyarita, nulis, maca, jeung ngaregepkeun.

Salaku guru basa Sunda, urang diperedih sangkan apal kana kamajuan siswa dina widang pangajaran basa Sunda. Éta kamajuan téh bisa mangrupa pangaweruh kana basa Sunda, sikep anu positif kana pangajaran basa Sunda, jeung mahér dina ngagunakeun basa Sunda nu bener tur merenah. Pikeun nyumponan éta pamaredih, guru kudu mibanda pangaweruh ngeunaan basa Sunda, mahér ngagunakeun basa Sunda, jeung ngabogaan sikep nu positif kana basa Sunda

Kitu deui parasiswa kudu bisa ngagunakeun pangaweruhna dina maké basa Sunda nu bener. Enggoning maké basa Sunda salawasna teu mengpar tina kaédah atawa aturan nu geus katarima ti guru.

Tatakrama Basa Sunda nya éta panta-pantana basa, dipakéna diluyukeun jeung kaayaan umur, kalungguhan, sarta situasi nu nyarita jeung nu diajak nyarita katut nu dicaritakeunnana. Tatakrama basa Sunda téh umumna diwangun ku lima tahap, nya éta basa kasar, basa lemes, basa lemes pisan, basa kasar pisan, jeung basa panengah. Tapi, dina kanyataanana di lapangan (di sakola- sakola) mah teu saeutik siswa anu henteu mibanda pangaweruh jeung kaparigelan dina ngagunakeun tatakrama basa Sunda, nu ahirna bisa jadi hahalang kana prosés pangajaran basa nu éféktif.

Jadi kawilang penting pikeun siswa mikawanoh jeung nyangking tatakrama basa Sunda lantaran lamun seug teu bisa ngabédakeun mana basa jang sahandapeun, sapantar, jeung saluhureun tangtuna larapna kecap teu merenah ogé

bakal hésé ditarima ku masarakat. Ku kituna ogé, ieu panalungtikan ngeunaan Korélasi Antara Pangaweruh jeung Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda karasa perlu dilaksanakeun sok sanajan geus aya sababaraha judul skripsi ngeunaan Tatakrama Basa Sunda, di antarana waé nya éta:

- 1) Ahmadi entragan 88 nu judul skripsina “Korélasi antara Pangaweruh Undak Usuk Basa Sunda jeung Kamampuh Ngagunakeunana Siswa SMPN 15 Bandung”. Pangaweruh di dieu nya eta bisa ngabedakeun dina wangun kalimah mana basa lemes keur sorangan, jeung basa lemes keur ka batur. Ari kamampuhna nya éta mampuh dina nyieun paguneman jeung babaturan sakelas ngagunakeun basa lemes keur sorangan, basa lemes keur ka batur, jeung basa loma.
- 2) Imas Rahmawati entragan 97 nu judul skripsina “Korélasi antara Sikep kana Undak Usuk Basa Sunda jeung Kamampuh Ngagunakeun Undak Usuk Basa Sunda Mahasiswa JPBD UPI”. Sikep di dieu nya éta sikep positif jeung negatif kana basa Sunda ngawengku aspek sikep kognitif, afektif, jeung konatif, sedengkeun kamampuhna nya éta mampuh ngagunakeun basa lemes keur sorangan, basa lemes keur batur, jeung basa loma/wajar.

Panalungtikan ieu dibéré judul “*Korélasi antara Pangaweruh jeung Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda Siswa Kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI*” tangtuna baé aya perbédaan antara judul nu baris ditalungtik jeung judul nu geus aya, di antarana: populasi jeung sampel, cara ngumpulkeun datana, jeung undak usuk basa Sunda diganti jadi tatakrama basa

Sunda, sabab istilah undak usuk geus jarang dipaké. Pangaweruh di dieu nya éta dina wangun ingetan (*recall*), pamahaman (*comperhension*) ngeunaan tiori Tatakrana Basa Sunda, sedengkeun kamampuhna nya éta siswa mampuh ngabedakeun basa lemes keur sorangan, basa lemes keur ka batur, basa loma, jeung basa kasar dina wangun nyieun kalimah. Sasaruuan dina ieu panalungtikan nya éta sarua nalungtik Tatakrana Basa Sunda dina wangunna.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan téh ngan medar ngeunaan “Korélasi Pangaweruh dina ingetan (*recall*) jeung pamahaman (*comperhension*) ngeunaan tiori, wangenan, tujuan, kamekaran, jeung wangun Tatakrana Basa Sunda (basa loma, basa lemes keur sorangan, basa lemes keur ka batur, basa kasar) jeung Kamampuh dina aplikasi/penerapan ngeunaan (basa loma, basa lemes keur sorangan, basa lemes keur ka batur, basa kasar) ngagunakeun Tatakrana Basa Sunda (basa loma, basa lemes keur sorangan, basa lemes keur ka batur, basa kasar)”.

Pangaweruh didieu nya éta sajumlah mana ingetan (*recall*) jeung pamahaman (*comperhension*) siswa kana tatakrana basa Sunda, ari kamampuhna nya éta siswa mampuh ngalarapkeun (aplikasi) jeung ngagunakeun tatakrana basa Sunda dina kanyataanana dilapangan.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah nu dipedar saméméhna, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha pangaweruh/ingetan (*recall*), jeung pemahaman (*comperhension*) siswa kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI kana tatakrama basa Sunda (basa loma, basa lemes keur sorangan, basa lemes keur ka batur, basa kasar)?
- 2) Kumaha kamampuh/penerapan (*aplikasi*) tatakrama basa Sunda (basa loma, basa lemes keur sorangan, basa lemes keur ka batur, basa kasar) siswa kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI?
- 3) Naha aya korélasi anu signifikan antara pangaweruh/ingetan (*recall*), pemahaman (*comperhension*) jeung kamampuh/penerapan (*aplikasi*) ngagunakeun tatakrama basa Sunda (basa loma, basa lemes keur sorangan, basa lemes keur ka batur, basa kasar) siswa kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI?

1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Sacara husus, tujuan dina ieu panalungtikan téh nya éta salaku tarékah pikeun mikanyaho korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda. Tujuan husus dina ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa ngadeskripsikeun:

- 1) pangaweruh (ingetan jeung pemahaman) siswa ngeunaan tatakrama basa Sunda;
- 2) kamampuh (ngalarapkeun jeung nganalisis) ngagunakeun tatakrama basa Sunda; jeung
- 3) korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda.

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Méh unggal panalungtikan nu dilaksanakeun téh tangtuna kudu mibanda ajén mangpaat.

Hasil nu dipiharep tina ieu panalungtikan téh nya éta déskripsi korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh siswa dina ngagunakeun tatakrama basa Sunda. Déskripsi pangaweruh jeung kamampuh nuduhkeun préstasi siswa, ari korélasina gambaran ngeunaan aya henteuna hubungan antara pangaweruh (tiori) jeung kamampuh (prakték) ngagunakeun tatakrama basa Sunda.

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa meunangkeun sababaraha mangpaat, di antarana:

1) Mangpaat Paélmuan

- Pikeun pengembangan pangajaran bidang kabasaan ngeunaan tatakrama basa Sunda;
- Muka wawasan élmu pangaweruh leuwih jembar ngeunaan tatakrama basa Sunda;
- Ngeuyeuban ngeunaan tiori jeung aplikasi bahan atawa matéri tatakrama basa dina pangajaran basa jeung sastra Sunda.

2) Mangpaat Praktis

- Bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan sangkan nambahan pangaweruh dina widang basa;
- Sumber bahan pangajaran pikeun guru SMP;
- Méré motivasi panalungtik séjén dina neuleuman masalah nu aya dina ieu panalungtikan.

1.4. Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta sagala bebeneran, tiori jeung pamanggih nu dijadikeun cecekelan utama nu henteu dipasoalkeun deui bener jeung henteuna

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan di antarana nya éta:

- 1) Pangajaran tatakrama basa Sunda mangrupa bagian tina pangajaran basa.
- 2) Pangajaran tatakrama basa Sunda mangrupa pangajaran nu kudu diajarkeun di sakola, patali jeung sikep siswa.
- 3) Pangajaran basa Sunda aya di SMP di Jawa Barat.
- 4) Pangaweruh kana bahan pangajaran tatakrama basa Sunda téh béda- béda.
- 5) Kamampuh siswa dina ngagunakeun tatakrama basa Sunda téh béda- béda.

1.5. Hipotesis

Hipotésis anu baris diuji dina ieu panalungtikan nya éta hipotésis alternatif (H_a) anu unina “Aya korelasi anu signifikan antara pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda.” Salian ti hipotésis alternatif/hipotésis kerja,

digunakeun ogé hipotésis nol (H_0) anu unina “taya korélasi anu signifikan antara pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda.”

1.6. Tatapakan Tiori

Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngwengku tiori panalungtikan jeung tiori kabasaan. Tiori-tiori panalungtikan jeung kabasaan anu digunakeun téh kawengku dina buku-buku: *Manajemen Penelitian* (Suharsimi Arikunto: 2003), *Pengantar Metodologi Penelitian Pendidikan dan Pengajaran Bahasa* (Amir Suyatna: 2002), *Dasar-dasar Evaluasi Pendidikan* (Suharsimi Arikunto: 1995), *Statistika Terapan untuk Penelitian* (Furqon: 2001), *Pedaran Basa Sunda* (Yayat Sudaryat: 2003), *Bagbagan Makena Basa Sunda* (Karna Yudibrata: 1989), *Wacana Adegan, Kecap, Frasé, jeung Klausula Basa Sunda* (Prawirasumantri: 1993), *Ulukan Wacana Basa Sunda* (Yayat Sudaryat: 2003), *Model Pangajaran Kompetensi Basa Sunda* (Yayat Sudaryat: 2004), *Kamus Undak Usuk Basa Sunda* (Budi Rahayu T: 1997), *Raksarasa: Antologi Basa jeung Sastra Sunda katut Pangajaranana* (Iskandarwassid: 2004).

1.7. Metode jeung Tehnik Panalungtikan

1.7.1. Metode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun metodé deskriptif anu wangunna analisis korelasional. Tujuan digunakeunana ieu metode nya éta pikeun ngadeskrifsikeun data ngeunaan pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun

tatakrama basa Sunda, data anu geus kakumpul teh dianalisis ngagunakeun metode statistik.

1.7.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta studi kapustakaan, jeung survey lapangan. Téhnik studi kapustakaan dipaké pikeun ngadeskripsikeun data anu aya dina sumber anu dijadikeun tatapakan. Ari téhnik survey lapangan dipake pikeun téhnik ngumpulkeun data anu aya di lapangan. Data lapangan mangrupa data anu asalna ti siswa.

1.8. Sumber Data Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang, masalah, tujuan panalungtikan, jeung cara nganalisis data, sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakumna siswa kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI.

